

Sa Moun New York yo Dwe Konnen Sou Vaksen kont COVID-19 yo

Vaksen COVID-19 yo disponib kounye a pou tout moun New York ki gen laj omwen 16 an.



Vaksen kont COVID-19 yo san danje epi yo efikas.

Syantifik yo te baze sou plizyè deseni rechèch pou lòt vaksen lè yo t ap elabore vaksen kont COVID-19 yo. Vaksen yo te pase nan gwo etid klinik kote plizyè dizèn milye moun ki gen laj, ras ak etnisite diferan te patisipe. Etid sa yo te montre vaksen yo san danje e trè efikas nan pwoteje moun kont maladi COVID-19 grav, ospitalizasyon ak lanmò. Administrasyon Manje ak Medikaman an (Food and Drug Administration, FDA) te apwouve vaksen yo pou itilizasyon dijans.



Yo ap ba ou vaksen kont COVID-19 yo gratis.

Tout moun New York ki gen omwen 16 an kapab pran vaksen gratis. Ou **pa** bezwen genyen asirans oswa bay sitiyasyon imigrasyon ou pou ou pran vaksen an.



Jwenn yon lokal pou pran vaksen w lan.

Mande pwofesyonèl medikal ou ak anplwayè ou si yo ap ofri vaksinasyon yo. Vizite nyc.gov/vaccinefinder pou ou konnen ki kote ou kapab pran vaksen an oswa rele 877-829-4692 pou pran yon randevou nan yon sit NYC.



Ou gendwa gen kèk efè segondè.

Efè segondè komen yo gen ladan doulè nan bra a kote ou te resevwa piki a, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv. Vaksen yo **pa** genyen viris la ki lakòz COVID-19, yo **pa** chanje ADN ou epi yo **pa** ba ou COVID-19.



Kontinye pran prekosyon.

Nou konnen vaksen yo pwoteje ou, men nou toujou bezwen aprann plis sou efè yo genyen sou pwopagasyon viris la. Pou kounye a, menm lè ou fin pran vaksen an, kontinye rete lakay si ou malad, kenbe 6 pye distans de lòt moun yo, mete kachnen kòm sadwa epi lave men ou souvan.



Ale sou nyc.gov/vaccinefinder oswa rele 877-829-4692 pou jwenn yon randevou pou vaksen.